**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आन्तरिक रोजगारी प्रवर्द्धन कर ँयुवा रोजगारीके लेल रुपान्तरण पहल आयोजना"

कोभिड - १९ क कारण विश्वमे रोजगारीके क्षेत्रमे आएल संकुचन सँ नेपालके श्रम बजार प्रभावित भेल छै । अई सँ बहुतेके संख्यामे श्रमिकके रोजगारी गुमाब परल अवस्थाके मध्यनजर करैत आन्तरिक रोजगारीके प्रवर्द्धन कर विश्व बैंकके ऋण सहयोगमे आर्थिक रुपमे विपन्न बेरोजगार युवाके लेल रोजगारी निर्माण कर, सिप तथा क्षमता अभिवृद्धि आ रोजगारमुलक सेवा विस्तार करके लक्ष्यके साथ ई आयोजना सरकार आगु अनलक अछि ।

कुल रकम
करिब रु. १४ अर्ब

जम्मा अवधी
४ वर्ष

कुल रकमके ९०% कम स्थानीय तहके सार्वजनिक पूवाधारके मर्मत सम्भार तथा स्तरोन्नती कलक रोजगारी उत्पन्न केनाई

लाभान्वित मे सँ
६०% जनानी हेतै

एक लाख बेरोजगारके रोजगारी देबके लक्ष्य

स्रोत: https://moless.gov.np/?p=3522#post/0

## नेपाल अपडेट



सुर्खेतके वीरेन्द्रनगरमे सुरक्षा मापदण्ड अपनाबैत शुरु भेल केश कटनाई

तस्बिर: मुना हमाल

### परिक्षण


पिसिआर परिक्षण: ३,६४,६४८

पोजेटिभ: १९,५४७

उपचाररत: ५,२४७

मृत्यु : ५२






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



त्रि.वि. प्राध्यापकसभके छुट्टी खतम भेलाके कारण काममे आब कहने छै । लेकिन, लम्बा दुरीके गाडी नै चलला सं छुट्टीमे घर गेल प्राध्यापक आब नै पाएल छैथ । हुनकासभके लेल कि व्यवस्था छै ?

लम्बा दूरीके सार्वजनिक सवारी साधन नै चललाके कारण सँ अपन क्याम्पसमे उपस्थित होब नै सकल देखाईत छै । एहन अवस्थामे, लम्बा दूरीके सार्वजनिक सवारीसाधन शुरु होब लगलाके ७ दिन तकमे त्रि.वि. के आंगिक क्याम्पसमे नियमित उपस्थित होबके व्यवस्था कएल गेल छै । एना उपस्थित होबवला प्राध्यापकसभके विद्युतिय माध्यमसँ अपन क्याम्पसमे जानकारी कराब परत । यातायात सुचारु भेलाके ७ दिन भितर हाजिरी प्रमाणित कराक अपन क्याम्पसमे बुझाबला अनलाकेबाद सम्बन्धित प्राध्यापकके नियमित हाजिरी कायम हेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/TsBpzxO



आबके एक सप्ताह बहुते पाईन परतै कहादन । कोन क्षेत्रमे बेसी सतर्कता अपनाब परतै ?

बाईढ पूर्वानुमान महाशाखाके अनुसार कन्काई, कोशी, नारायणी, तिनाउ, पश्चिम राप्ती, बबई आ एकर सहायक नदी जलाधार लगाएत लगाएत प्रदेश १, २, गण्डकी प्रदेश, प्रदेश ५ आ सुदूरपश्चिम प्रदेश भलक बहवला छोटका नदीमे बहाव सतर्कता आसपास पुगाके आ किछ छोटका नदीमे बहाव खतरा आसपास पुगाके अनुमान कएलगेल छै । तसर्थ तटिय क्षेत्रमे उच्च सतर्कता अपनाब सेहो आग्रह केने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/NsBH5ex



सरकार नव प्रवर्तनकारी काजमे लगानी प्रोत्साहन कर चाहवला उद्यमी व्यवसायीके २% व्याजदरमे कर्जा उपलब्ध कराएब कहने छलै । किया ढिलाई भेल छै ?

कोभिड – १९ के कारण आ आगामी आ.व.२०७७/७८ मे नवप्रवर्तनकारी काजमे लगानी प्रोत्साहन कर चाहवला उद्यमी व्यवसायीके २% व्याजदरमे कर्जाके रुपमे प्रदान करके सन्दर्भमे बजेट भाषणके क्रम संख्या ५९ मे व्यवस्था भेल अनुसार कार्यविधि संशोधन कर पलाके कारण मिति २०७७ आश्विनअन्त्य तक प्रस्ताव पेश करके अवधी थपल गेल छै । संशोधित कार्यविधि आ विविध प्रकृयाके विषयमे दोसर सुचना सम्प्रेषण करके जानकारी राष्ट्रिय योजना आयोग सूचना प्रकाशित कलक जनतव देने अछि ।

स्रोत: https://www.npc.gov.np/images/category/Notice12.pdf



काठमाण्डौमे कोभिड-१९ के संक्रमित बढलै कहिक काठमाण्डौ जिल्ला प्रशासन कार्यालय सेवा बन्द कर लागल छै ?

सेवा बन्द कर लागल नै छै । काठमाण्डौमे कोभिड – १९ के संक्रमित बढला संगे भौतिक दुरी कायम कर परलाके कारण २०७७/४/१८ गते सँ कार्यान्वित कल दोसर व्यवस्था नै भेला तकके लेल सेवा प्रवाहके ढाँचा परिवर्तन करब कहने छै । जै अनुसार तोकलगेल दिन तोकलगेल पालिका मात्रे सेवा पाओत आ तोकलगेल सेवा मात्रे प्रवाह हेतै । विस्तृत रुपमे बुझके लेल निचाके लिंक देखल जाउ ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड – १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्मा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| २,७२,५९० संक्रमित | ६५,९०३ संक्रमित | ४०,३११ संक्रमित | १,१०,१५३ संक्रमित | ६०,२२३ संक्रमित | ७९,१५९ | ८,९६४ | १४,२६९ संक्रमित |
| १,७५० नेपाली संक्रमित | १५०० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २०,६०० नेपाली संक्रमित | २००० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्मा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्मा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

**मध्यपूर्वके देशसभमे ईद शुरु भेल छै।**
**लेकिन, अई वर्ष जम्मा भेनाई, समारोह आ जमघटमे नै जाउ ।**

लम्बा समय छु ि भेला सँ अई समयमे मनोरञ्जन करके उद्देश्य सँ साथीसंगीसभ जम्मा भेनाई, घुम जेनाईसभ करैत अछि । लेकिन, अखनके समय पहिले जकाँ सामान्य नै भेला सँ अपनासभ एना नै कल सकै छी । किछ देशसभमे त एकरा उल्लंघन करलापर कारवाही करके कडा नियमसभ सेहो छै । जेना, यू.ए.ई.मे यदि कोई एहन जम्मा भेनाई, पार्टी या जमघटके आयोजन करलापर १०,००० दिरहाम आ यदि कोई एहन पार्टीमे सहभागी होब गेलापर  ५,००० दिरहाम जरीवाना लगै छै । तहिना, खसी, बोका आईन क अपन आवासपर काटलामे २०,००० दिरहाम तक जरीवाना लागला के कारण सँ मांस खाय परल त कसाई सँ मात्रे कटाब या लेब पाएब से कहलगेल छै ।






कुवेतमे अगस्त १ तारीख सँ व्यापारिक उडान शुरु होब लागल छै । जै के कारण सँ अगस्त १ तारीखके बाद कुवेतमे चार्टर उडान कर नै पाएब । तहिना नेपालमे मुदा अगस्त १७ के बाद मात्रे व्यापारिक उडान भेला सँ अगस्त १ सँ अगस्त १७ तक नेपाल आ कुवेत बीच कोनो उडान नै हेतै से देखाईत छै ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा


## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ मे प्रदेश नं. ५ के बेरुजुके अवस्था

३.१३%
जम्मा लेखा परीक्षण भएको रकमको

बेरुजु खर्च
रु. ९४,६८,३४,०००




प्रमाण कागजात पेश नभएको
५१.५०%

नियमित गर्नुपर्ने
११.०९%

पेश्की
३४.०४%

असुलउपर गर्नुपर्ने
३.८१%


जम्मा लेखा परीक्षण गरिएको रकम
**३०.२ अर्ब**

जम्मा लेखापरीक्षण गरिएका कार्यालय **१५३**

बेरुजु देखिएका कार्यालय **११०**

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे प्रदेश नं. ५ के खर्च बेरुजु देखाएल मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन




कर्णाली प्रदेशमे जम्मा ९४ करोड ६० लाख खर्च बेरुजु देखाईत छै । जे कि ओकर जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकमके ३.१३% छै । करिब ७२% (१५३ मे सँ ११०) कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु भेल देखाईत छै । प्रदेश नं. ५ मे ५१% सँ बेसी बेरुजु पर्याप्त प्रमाण कागजात पेश नै कलक केलाके कारण भेल छै । पर्याप्त प्रमाण कागजात पेश नै कलक कएल खर्चसँ कार्यालयके नैतिकता उपर प्रश्न उठाबैत छै । एकरा रोकके लेल तत्काल पहल केनाई जरुरी छै । तहिना कलक प्रदेश नं. ५ के पेश्कीमे सेहो बेरुजु बेसी (३४%) छै ।

प्रदेशके प्राय: जेहन मन्त्रालय आ कार्यालयसभमे कम बेरुजु देखेनाई बढिया बात छै । लेकिन भौतिक पूर्वाधार विकास मन्त्रालय आ सामाजिक विकास मन्त्रालयमे ४५ करोडके दरसँ बेरुजु देखाईत छै । ई मन्त्रालय अन्तरगत बड्का विकासके काज होबवला भेलाके कारण भौतिक पूर्वाधार आ सामाजिक विकासमे भेल खर्चके उपादेयता नै देखाई छै । एते बड्का रकम बेरुजु भेनाई नियामक आ निर्णयकर्ताके लेल चिन्ताके विषय छै । किया कि अई सँ पैसा प्राथमिक क्षेत्रमे खर्च नै भेल छै या कानुन सम्मत खर्च नै भेल छै से देखाबैत छै ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्



## डा. निराजन दत्त शर्मा

कन्सल्ट्यान्ट फिजिसियन सेती प्रादेशिक अस्पताल, धनगढी

"सुदूरपश्चिममे पहिल केस देखेलाके बाद हम मात्रे नै, पुरा सुदूरपश्चिम डरागेल छलै । सब चिज शुन्यसँ शुरु करपरवला अवस्था छलै । जरुरतके सुरक्षा उपकरण नै छलै । पुरे स्यानिटाईज कलक काम करके विकल्प नै छलै । कोरोना संक्रमितके परिवारके सदस्य जब निक भलक मात्रे आउ कहिक हाथ हिलाक जाईछलै, तखन हमरासभ पर जिम्मेवारीके बोझ आरो बढ्ल महसुस होइछल । बिमारी निक भलक मुस्कि दल्ह हँसैत डिस्चार्ज भेल दिन बड्का लड्ाई जितल महसुस होईछल । अई सँ हमरासभके सेवामे खटके लेल बेसी प्रेरित केलक । अखन तँ हमरासभलग पर्याप्त श्रोत आ उपकरण भेलासँ तैयारी अवस्थामे छी ।"

## प्रेम भण्डारी

वडा अध्यक्ष, धनगढी उप-महानगरपालिका, वडा नं. ९ कैलाली



"धनगढी नाका भलक एकेवेर भारत सँ नेपाली एलापर हुनकासभके व्यवस्थापन करमे बडड् दिक्कत भेल । वडाके सब विद्यालयके क्वारेन्टाई बनाब खोजलापर समुदायमे संक्रमण सरत कहिक अवरोध भेल । दोसर दिस हुनकासभके व्यवस्थापनमे खटला सँ अपनेमे संक्रमण हेतै कहिक परिवार सेहो त्रसित छलै । तैपर सँ, उपर प्रदेश सरकार जिम्मेवारी त देलक, लेकिन व्यवस्थापन कर जरुरतके आधारभुत श्रोत सेहो नै भेलाके बाद काम कर आरो चुनौती बईढगेल । विकल्पके रुपमे वडाके श्रोत आ आरो स्थानीय श्रोत, साधन आ सहयोग सँ क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन करमे सफल भेलौ ।"



## गिता पन्त

वडा सदस्य, धनगढी उप-महानगरपालिका, वडा नं. १०, कैलाली

"हम बाहर निकलला पर, हमर टोलपडोस सब ई त कतल्ह कतल्ह जालक अबैछै, भारतसँ आएल आदमीसभके सेहो भेटक अबैछै, ईहे अपनासभके कोरोना लगेतौ तक कहलक । लेकिन, हमर परिवार हमरा हौसला देलक । पीडित नागरिकके उद्दार केनाई आ हुनकासभमे भेल त्रास हटेनाई हमर जिम्मेवारी छै से बोध हमर परिवार बेसी करादेलक । कोनो भी काजमे एकेबेरमे पूर्ण सफलता नै भेटैत छै । काज करैत गेलापर सिखा जाईत छै । अपन माथपर जिम्मेवारी एलापर मात्रे पता चलैछै से बात सेहो हमरा जेहन वडा सदस्यके अखनके परिस्थिति सिखा देलकै ।"

# कूल ग्राहस्थ उत्पादनमे कोभिड-१९ के असर

सन् २०१४ सँ २०१६ तकमे विशेष कलक गुयना, लाईबेरीया आ शेरालियोनमे फैलल ईबोला भाईरसके कारण ओई देशसभके कुल ग्राहूस्थ उत्पादनमे बहुते असर परल छलै । जे कि ८.६% ऋणात्मक छलै । लेकिन, कोभिड - १९ के असर विश्वव्यापी रुपसँ परल छै । अई बेर बेसी प्रभावित राष्ट्रके कुल ग्राहस्थ उत्पादन औषतमे ८.७% सँ ऋणात्मक रहत से देखाबैत छै । एकर प्रभाव आरो कायम रहलाके परिणाम आरो नकारात्मक होब सकैय । जब कि सन् १९१८ सँ १९२० तक विशेष कलक चीन, भारत, ईन्डोनेसिया, रुस, अमेरिका लगाएत विश्वव्यापी रुपसँ फैलल स्पेनिस फ्लुके महामारीसँ विश्वके कुल जनसंख्याके २५% जनसंख्या प्रभावित होईतो कुल ग्राहस्थ उत्पादनमे ०.८% सँ परिवर्तन भेल छलै । एकर मतलब कोभिड - १९ सँ कूल ग्राहस्थ उत्पादनमे विश्वमे फैलल अखनतकके महामारी मे सँ सबसँ बेसी असर केने छै ।



## नेपालके कूल ग्राहस्थ उत्पादनमे कोभिड - १९ के क्षेत्रगत असर



कोभिड - १९ के असरके कारण सँ नेपालके कूल ग्राहस्थ उत्पादनमे २.३% सँ गिरावट आबके अनुमान कएलगेल छै । क्षेत्रगत प्रभाव देखबै त, रेमिट्यान्स्, पर्यटन आ निर्माण क्षेत्रमे कोभिड - १९ के असर उच्च छै । जेकर कुल ग्राहस्थ उत्पादनमे क्रमश: २५.३%, ६.७% आ ७.७७% योगदान रहल छै । तहिना कलक सबसँ बेसी योगदान होबवला क्षेत्र खाद्य तथा कृषि क्षेत्रमे सेहो कोभिड - १९ के मध्यम असर परत से देखाईत छै ।


आर्थिक वर्ष २०१८/१९ मे मात्रे नेपालमे ८ खर्ब ७९ अर्ब ३० करोड रेमिट्यान्स् एलै । श्रम स्वीकृती ललक जम्मा १७२ राष्ट्रमे नेपाली कामदार काज करैत छै । विशेष कलक कतार, यु.ए.ई., साउदी अरव, कुवेत, बहराईन, भारत, मलेसिया, अमेरीका, जापान आ दक्षिण कोरिया प्रमुख गन्तव्य स्थल छै । कोभिड - १९ के कारण अई देशसभमे भेल आर्थिक संकुचनके कारण सँ कामदार कटौतीके नयाँ नियमसभ लागु भरहल छै । जेकर प्रत्यक्ष प्रभाव नेपाल जेहन उच्च रेमिट्यान्स आनवला देशसभपर परतै । अध्यागमन विभागके अनुसार, लकडाउनके अवधी २०७६ चैत्र १४ गते सँ २०७७ आषाढ ३१ गते तक जम्मा २७,५८३ कोई नेपाली हवाई नाकासँ नेपाल फिर्ता आएल । बहुते अखनो आबके तैयारीमे छै त, बहुते उद्दारके प्रतिक्षामे छै । आबके विकल्प कहबै त कम जाखिम भेल क्षेत्रमे रोजगारी निर्माण केनाई आ उच्च जोखिमयुक्त क्षेत्रके नयाँ ढंगसँ उपर उठेनाईए छै ।



- सुरेश चन्द -

# सार्क राष्ट्रमे भेल सकृय निक भेल आ मृत्यु भेल केससभ

## सार्क राष्ट्रमे कोभिड-१९ के संक्रमण पुष्टि भेलके संख्या प्रतिशतमे




उपरके ग्राफसँ सार्क क्षेत्रमे कोभिड - १९ सँ मृत्यु भेल, निक भेल आ सकृय रहल केसके प्रतिशत देखाबैत छै । औषतमे १.३ प्रतिशत संक्रमितके मृत्यु भेल छै । तहिना कलक ७३.७ प्रतिशत निक भेल छै त, संक्रमित मे सँ जम्मा २५ प्रतिशत सकृय केस छै । सकृय केस आ निक होबवलाके सन्दर्भमे नेपालके अवस्था सार्क क्षेत्र जेहने होईतो मृत्युदर लेकिन तीन गुणासँ कम छै । नेपालमे मृत्युदर कम होबके प्रमुख कारण, संक्रमित वृद्धवृद्धा सँ युवाके संख्या बेसी भेनाई भसकैत छै । समय रहिते लकडाउन केलासँ सेहो अखनतक संक्रमितके संख्या सिमित छै । यद्यपी नेपालके किछ जगहमे समुदाय स्तरमे सेहो संक्रमण फैलल बात आईबतो, नेपालके लेल चूनौती अखनो बाँकी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs